

**Пегасы базыртыл**

Мæлæн дын нæй, мæ фыдæлты æвзаг –
Дæ зæронд мад у ацы зæххы къори,
Æмæ куы сæфай (ма зæгъæд ызнаг) –
Дæуимæ сæфы дунейы истори!

*Хаджеты Таймураз*

Æз зардзынæн уæд дæр,
Иронау ма куы дзура ‘рмæстдæр иу лæг,
Кæд уыцы иу мæхæдæг уон, уæддæр.

*Хъодзаты Æхсар*

Фыдыбæстæ мын йе ‘взаджы хæзнатæ
Уæрсты боны кæстæры хайæн радта.
Йæ дзырдтæ мын – зæронд сæны быркуытæ,
Йæ зæлтæ мын – цыкурайы фæрдгуытæ.

*Джыккайты Шамил*

Нæртон фæткъуы – нæ мадæлон æвзаг.
Йа къалиутыл та мин-мин дыргъы хуртау.

*Къадзаты Станислав*

Æмбал дын нæй, нæ мадæлон
Æрдхæрæны нæртон æвзаг.
Дæ коймæ æз куыннæ бæллон,
Нæ хуры скаст, нæ хорæрзад.

*Дзасохты Музафер*

Сты зонды уацхæссæг
Æппæт дунейы ‘взæгтæ:
Нæ дзы’взарын хæстæг æмæ дæрддаг,
Фæлæ ныххойыс зæрдæйы къæсæртæ
Æрмæстдæр ды, мæ мадæлон æвзаг!

*Астемыраты Изетæ*

УКАЗ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ БОНЫ ТЫХХÆЙ

Скъолаты æмæ уæлдæр ахуыргæнджытæ, республикæйы сфæлдыстадон интеллигенци раст амонынц ныры тынг ахсдæиаг кæй сты, ирон литературон æвзагмæ фылдæр æргом раздахынмæ, куыд æдæмы историон æмæ культурон хæзнаты бындур, афтæ йæ бахъахъхъæнынмæ арæзт уæлæмхасæн хъæппæристтæ.

Куыд национ культурæйы ахсдæиагдæр хай, афтæ ирон æвзаг бахъахъхъæнынмæ æмæ йæ дарддæры рæзтмæ æхсæнады æргом фылдæр здахыны нысанты уынаффæ хæссын:

1. Снысан кæнын републикæйы бæрæгбон – Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон.

2. Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон бæрæггонд цæуæд ирон поззийы зынаргъдаер хæзна Хетæгкаты Къостайы «Ирон фæндыр» рухс куы федта (1899 азы май), уыцы бонимæ иумæ, 2003 азæй райдайгæйæ, 15 майы.

3. Республикæ Цæгат Ирыстоны-Аланийы Президенты цур ирон æвзаг бахьахьхьæныны æмæ йæ рæзты фæдыл кьамис, Респуликæ Цæгат Ирыстоны-Аланийы Иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады министрад, Республикæ Цæгат Ирыстоны-Аланийы Культурæ æмæ аивады министрад, республикæйы Фысджыты цæдис сæ куысты пьланты |нысан кæнæнт æрвылазон бæрæгбон — Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон.

4. Республикæ Цæгат Ирыстоны-Аланийы Хицауад Республикæ Цæгат Ирыстоны-Аланийы Президенты цур ирон æвзаг бахьахъæныны æмæ йæ рæзты фæдыл кьамисы фæндæттæм æмæ сбæлвырд кæнæд финансон хæрдзты ратæдзæнтæ 2003 азы Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон арвитынæн, æрвылаз та республикон бюдæеты уыцы нысантæн фæрæзтæ амонгæйæ.

5. Ацы Указ йæ тыхы цæуы къух дзы бавæрыны бонæй.

Республикæ Цæгат Ирыстоны – Аланийы
Президент Дзасохты А.
Дзæуджыхъæу, 2003 азы 7 февраль

# Хъуысæд ирон ныхас æнустæм!



Дзæуджыхъæу – 2024 аз.

**Чи стæм, кæцæй стæм?**

Ирон æвзаг хауы индоевропæйаг æвзæгты ирайнаг къордмæ.



Ирайнаг къордмæ ма хауынц афгайнаг, персайнаг, таджикаг, курдаг æвзæгты. Ацы адæмыхæттытæ иукъор дмæ æмбырдгонд æрцыдысты æрмæст се 'взæгты иудзинадмæ гæсгæ.

*Абайты Васо*

**Историйы сыфтæ фæлдахгæйæ**

Ирон æвзаджы дамгъуат бавзæрста бирæ ивддзинæдтæ, йæ абоны хуызы нæм цалынмæ æрхæццæ, уæдмæ.

Такъæты Гайы дамгъуат (1798 аз).

Æгъуыазты Иуанейы дамгъуат (1820 аз).

Андрей Шегрены дамгъуат (1844 аз).

Иосиф Чипиговскийы дамгъуат.

Всеволод Миллеры дамгъуат.

1917 азы ахуыргæнджыты съезды кæй ныффидар кодтой, уыцы дамгъуат.

Латинаг дамгъæты бындурыл арæзт ирон дамгъуат (1923-1938 азтæ).

Славайнаг дамгъæты бындурыл арæзт ирон дамгъуат (1938 азæй абоны онг).

**Сымах зонут?**

Æппæт дунейы ис 2 мин æвзагæй фылдæр, диалекттæ æмæ ныхасыдæхтыты нымæц та хæццæ кæны дæсгай минтæм.

Ирон æвзаджы ис 2 диалекты, немыцаг æвзаджы та — 300 диалекты бæрц.

Англисагау дзурынц 300 милуан адæймагæй фылдæр, испайнаг æвзагыл дзурынц 160 милуан адæймаджы, италиаг æмæ францаг æвзæгтыл — 50 милуан адæймаджы онг.

Ирон æвзагыл та дзурынц 400 мин адæймаджы бæрц.



Ирон дзырдтæн «хæстæджытæ» ис ссарæн бирæ æвзæгты.

Зæгъæм:

Æрвад — уырыссаг «брат», немыцаг «bruder», таджикаг «бародар», англисаг «brother».

Бæрз — уырыссаг «береза», англисаг «birch».

Дæндаг —латинаг «денс», таджикаг «дандон», рагон индиаг «данта».

Мад — уырыссаг «мать», немыцаг «mutter», англисаг «mother».

Мыст — уырыссаг «мышь», латинаг «мусс», таджикаг «муш».

Стъалы — латинаг «стела», немыцаг «schtern», персайнаг «ситара», англисаг «star».



**ИРОН АДÆМÆН НОМ СКОДТОЙ**

***Анахарсис*** *— рагон скифаг философ, дунейы авд куырыхонтæй иу.*

***Абайты Васо*** *— дунейы зындгонд ахуыргонд лингвист.*

***Адырхаты Светлана*** *— зындгонд балеринæ.*

***Бутаты Фатимæ*** *— ахуыргонд, инженер.*

***Гаситы Афанас*** *— философ, лингвист.*

***Гергиты Валерий*** *— Мариины театры сæйраг дирижер.*

***Дудараты Вероника*** *— зындгонд сылгоймаг-дирижер.*

***Кучиты Юрий*** *— ледокол «Артикæ»–йы капитан.*

***Плиты Иссæ*** *— æфсады инæлар.*

***Токаты Гокки*** *— космонавтикæйы бындурæвæрджытæй иу.*

***Тугъанты Махарбег*** *— зындгонд нывгæнæг.*

***Хетæгкаты Къоста*** *— поэт, прозаик, æхсæнадон архайæг.*

***Хъантемыраты Ирбек*** *— цирчы артист.*

***Хъаныхъуаты Бола*** *— зындгонд хъæбысæйхæцæг æмæ бирæ æндæртæ.*

